билимлендириўге балаларды қамтып алыў мәмлекетлик, мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң жаңадан қурылыўы, реконструкцияланыўы есабынан қосымша орынлардың жаратылыўы, мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң филиалларына ҳәм бос турған иматратларға айрықша юридикалық статустың берилгенлиги, шаңарақлық мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң шөлкемлестирилиўи, сондай-ақ мектепке шекемги жастағы балалардың саны аз ең шетки аўылларға мектепке шекемги билимлендириўдиң альтернатив түрлериниң алып кирилгенлиги есабынан әмелге асырылды. Ягыный, 2021-жыл 3-августтағы "Мобиль топарлар базасында мектепке шекемги билимлендириў хызметлерин көрсетиў системасын жәнеде раўажландырыў илажлары ҳаққындағы" қарарларына муўапық Еликқала, Кегейли, Беруний, Төрткүл, Шоманай районларында, жәми 28 топар шөлкемлестирип, оларға 394 бала қамтып алынған. Ҳәзирги ўақытта балаларды бақшаларға қамтыўды арттырыў бойынша бир қатар жумыслар даўам етпекте. Өз Ўатанын, өз миллетин шын жүректен сүйетуғын, ҳәр бир келешегин ойлаған инсан, мектепке шекемги тәлим саласында хызмет етип атырған ҳәр бир устаз ҳәм педагог тәрбияшы Президентимиздиң бул тараўды раўажландырыўдағы қойған муқаддес ҳәм жуўапкерли ўазыйпаларын ең жоқары дәрежеде орынлаў ушын өзлериниң барлық күш ғайратын салып, хызмет етеди. Әлбетте, бул исленген жумыслар мәмлекетимизде мектепке шекемги билимлендириўдиң раўажланыўына хызмет етеди.

**Әдебиятлар**

1. «Илк қадам» Мактабгача таълим муассасасининг Давлат ўқув дастури. –Тошкент: 2018.
2. "2017-2021 йилларда мактабгача таълим тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида". Ўзбекистон Республикаси
Президентининг 2016 йил 29 декабрдаги ПҚ-2707-сонли Қарори.
3. Кощанов К.М. «Мектепке шекемги билимлендириў системасын жетилистириў – келешегимиз тийкары» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференциясы.
4. Тлеумбетова К.Д. "Мектепке шекемги билимлендириў: тәжирийбелер, машқалалар ҳәм раўажланыў перспективалары" атамасындағы Республикалық илимий - әмелий конференциясы.
5. www.Lex.uz

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада бугунги кунда Қорақалпоғистонда мактабгача таълим тизими ва мактабгача таълим ташкилотларининг ривожланиши бўйича қатор маълумотлар келтирилган. Мактабгча таълим тизимининг ҳолати, мактабгча ёшдаги болаларнинг мактабгача таълим ташкилотларига қамраб олиниши ҳақида ва ташкилотларнинг фаолияти ҳақида манбаларга таянган ҳолда асосланган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представляются примеры в сфере дошкольного образования. На основании научно-теоритических источников о приёме детей дошкольного возраста в дошкольные образовательные учреждение и деятельности.

**SUMMARY.** This article includes much information from sphere of preschool education and based on sources about the enrollment of preschool children in preschool education institution and the actioties of organization.

**UDK 796.011.1**

# DENE TÁRBIYASÍ HÁM SPORTTÍŃ SHAXSTÍ HÁR TÁREPLEME QÁLIPLESTIRIWINDEGI ÁHMIYETI

**M.B.Ramazanov** – *aǵa oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** sportchi shaxsi, sport faoliyati, sportchining xususiyatlari, sportchining tayyorgarligi, sport mashg'ulotlarining sportchi shaxsi shakllanishiga ta'siri, sport jamoalarida shaxslararo munosabatlar, jamoadagi psixologik muhit.

**Ключевые слова:** личность спортсмена, спортивная деятельность, характеристики спортсмена, подготовка спортсмена, влияние спортивной подготовки на формирование личности спортсмена, межличностные отношения спортсмена, межличностные отношения в спортивных командах, психологическая среда в команде.

**Key words**: athlete personality, sports activities, athlete's characteristics, athlete's training, the impact of sports training on the formation of the athlete's personality, interpersonal relationships in sports teams, the psychological environment in the team.

Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Rawajlanıw strategiyasınıń "ádalatlı social siyasat júrgiziw, insan kapitalın rawajlandırıwǵa qaratılǵan áhmiyetli jónelislerde kórsetilgen wazıypalarında jas áwlattı tárbiyalaw, onıń mánáwiyatı hám mádeniyatın kóteriwge qaratılǵan ilajlar nátiyjeliligin asırıw" wazıypaları belgilengen [1]. Sol kózqarastan, dene tárbiyası sport shınıǵıwlarınıń oqıwshı-sportshılar shaxsınıń qáliplesiwindegi roli máselesi aktual máselelerinen biri ekenligin kórsetedi. Dúnyada sport trenirovkaları hám dene tárbiyası járdeminde shaxs ruwxıylıǵın qáliplestiriw nátiyjeliligin asırıw boyınsha oqıwshı-jaslarda qatań turmıslıq poziciyanı rawajlandırıw monitoringi modelin jetilistiriw, shaxstı qáliplestiriwde sport túrleriniń áhmiyetin diagnostikalaw sistemasın rawajlandırıw, sportshılardıń psixologiyalıq tayarlıǵın jetilistiriw, sportshılardıń sezimlik-shıdamlılıq jaǵdayın anıqlawdıń psixologiyalıq sistemasın rawajlandırıw, sport jámáátlerinde psixologiyalıq ortalıq natiyjeliligin asırıwdıń psixologiyalıq mexanizmlerin jaratıw sıyaqlı áhmiyetli turatuǵın jónelislerde ilimiy izertlew jumısları alıp barılmaqta. Sportshı shaxsı, sport iskerligi, sportshınıń qásiyetleri, sportshınıń tayarlıǵı, sport shınıǵıwlarınıń sportshı shaxsı qáliplesiwine tásiri, sport jámáátlerinde shaxslar aralıq munasábetler, jámááttegi psixologiyalıq ortalıq sıyaqlı mashqalalardı izertlewge arnalǵan bir qatar jumıslar ámelge asırılǵa. Bunday jumıslardı K.Dzigoro, Ch.X.Xi, E.Geron, V.Navrotskaya, V.Doyl, P.Rokushfalvi, V.Goshek, V.Norakidze, P.Rudik, Yu.Palayma, A.Puni, O.Chernikova, A.Rodionov, N. Xudadov, I.Onichenko sıyaqlı ilimpazlardıń miynetlerinde kóriw múmkin.

Dene tárbiyası hám sporttıń xarakterli tárepi sonda, ol sezim hám psixikalıq keshirmelerdiń joqarı aktivligi, ózgeriwsheńligi, bir sezimniń basqasına almasıwı, geyde keri jaǵdaylar payda bolıwı, yaǵnıy házir sportshı jarısta jeńis quwanıshına erisse, bir qansha waqıttan keyin bolsa ruwxıy azap, qayǵı, úmitsizlik hám soǵan uqsas jaǵdaylar júzege keliwi múmkin.

Anıq iskerlik processinde júzege keletuǵın bunday sezimler orınlanıp atırǵan háreketke hám onıń nátiyjesine tásir kórsetedi. Olar sportshınıń jumıs qábiletin asıradı, organizmniń turmıs iskerligi procesin rawajlandıradı, bular bolsa sportshıda unamlı minez-qulıq, aktiv háreket payda bolıwı ushın faktor boladı.

Sport jarıslarında jeńiske járdem beretuǵın bunday arnawlı sezimlerge tómendegilerdi kirgiziw múmkin: jawıngerlik ruxlanıw, sportqa tiyisli tınıshsızlanıw, ashıw, qızıǵıwshılıq, báseki, ar-namıs sezimi hám basqalar [2:192].

Jawıngerlik ruxlanıw joqarı aktivlik jaǵdayına tán bolǵan sezimlik keshirme bolıp, ol sportshınıń óz maqsetine erisiw ushın ayrıqsha faktor bolıp xızmet etedi. Bul sezim aktiv unamlı sezimlik jaǵday bolıp, ol sportshı kúshiniń asıwına, jeńiske jetiwine bolǵan isenimin, gúres hám

jeńiske umtılıwın ámelge asırıwı menen xarakterlenedi. Ol jarıs baslanıwına shekem júzege shıǵıwı hám sport gúresi processinde ósip barıwı múmkin. Ol sportshını gúrestiń sheshiwshi dáwirinde joqarı belsendilik hámde jawıngerlik ruxlanıw jaǵdayına eristirip, onıń jarıstaǵı ústinligin támiyinlep beriwi múmkin.

Sportqa tiyisli tınıshsızlanıw bul sezimlik jaǵday bolıp, ol hár bir sportshıǵa zárúr bolıp tabıladı, sebebi onıń járdeminde sportshı jaqsı nátiyjelerge erisiwi múmkin boladı. Tınıshsızlanıw hár túrlı dárejede bolıwı hám ol sport túri hámde sportshınıń individual qásiyetlerinen kelip shıǵıp bastan keshiriwi múmkin. Sportqa tiyisli tınıshsızlanıw jaǵdayında sportshınıń jumıs qábileti hám onıń ǵayratı artadı.

Jawıngerlik ruxlanıw kúshli sport gúresi processinde sportshınıń óz ishine alatuǵın jaǵday bolıp, ol qızǵın, sheshiwshi jaǵdaylarda júzege shıǵadı hám de óziniń maqsetke jóneltirilgen háreket dinamikası menen sport jarısın kúsheytiw reakciyası retinde payda boladı. Ol kúshtiń asıwı, energiyanıń kóbeyiwi, óz háreketinde jeńiske bolǵan isenim, ayrıqsha gúres quwanıshı, aktiv háreket sıyaqlı jaǵdaylardı payda etetuǵın keshirme bolıp esaplanadı.

Sportshılar jawıngerlik psixikalıq jaǵdayında úlken qıyınshılıqlardı jeńip ótiwge ılayıq boladı, jeńiske erisiw ushın qáwipli qarar hám de jobalardı qabıl etedi hámde ámelge asıradı. Bul olarǵa quwanısh hám joqarı kewilli keypiyat alıp keledi. Jawıngerlik psixikalıq jaǵday jarıstıń keskin hám juwapkershilikli dáwirinde tiykarınan, sportshı pidayılıq penen jeńis ushın gúresip atırǵan waqıtta júzege keledi.

Sportqa tiyisli qızıǵıwshılıqta sport jarısı processinde payda boladı. Qızıǵıwshılıqtıń tiykarǵı deregi gúres. Ol jarısta sportshını jańa processlerge tartatuǵın hám maqsetke jaqınlastıratuǵın, hár qanday ózgeshe tabıslardı júzege keltiretuǵın ózgeriwsheń faktor esaplanadı. Bunday ekstremal jaǵdayda sportshınıń barlıq umtılıwı tek sport gúresine baǵdarlanǵan boladı hám ózine tiyisli bolmaǵan zatlardı sezbeydi, basqa zatlar haqqında oylamaydı, sharshawdı, awrıwdı sezbeydi, tek jeńiske umtılıwdan basqa zattı oylamaydı. Sportshı qattı qızıǵıwshılıǵı artında geyde artıqsha unamsız háreketler qılıp, oyın qaǵıydaların esten shıǵarıp, energiyasın artıqsha jumsap qoyıwı múmkin.

Sportqa tiyisli aktivlikti kúshli sezimge bay, salamat sportqa tiyisli qızıǵıwshılıqtan ajrata biliw kerek. Sportshıda sportqa tiyisli aktivlik jaǵdayı nerv sistemasınıń kúshli qozıwı menen xarakterlenedi, bunday waqıtta sportshıda óz háreketleri ústinen qadaǵalawı páseyedi, nátiyjede sport qaǵıydaların buzıwıda múmkin. Bunda qopal, turpayı hám ádepsiz is-háreketlerge jol qoyıladı, qadaǵan etilgen usıllar qollanıladı. Bul jaǵdayda sport gúresi basqınshı xarakterge iye bolıp, sportshı joqarı nátiyje kórsetiw maqsetin umıtadı hám qarsılasın hár qanday usıl menen bolsa da jeńiwge háreket etedi [2:194].

Sportqa tiyisli ashıw ayrıqsha sport sezimi bolıp, sport gúresi processinde ámelge aspaǵan maqset yamasa ústinlikke erise almaǵan jaǵdayda júzege keledi. Bul sezim aktiv qarsılıq kórsetiw, áwmetsizlikti moyınlamawǵa tiyisli ishki keshirme bolıp, azǵana basqınshılıǵı menen xarakterli bolıp tabıladı. Biraq ol ápiwayı ashıwda ayrıqsha túrde kóbirek ókinish keshirmesine jaqın sezim esaplanıp, óziniń áwmetsiz háreketinen narazı bolıw hám ózin tolıq kórsetiw, jańa jeńilislerge jol qoymaw mazmunında kórinetuǵın boladı. Sportqa tiyisli ashıw waqtında sportshı tez ózin jıynap alıwı, geyde qısqa múddet ishinde kútilmegen jeńiske erisiwide múmkin.

Sportsha ar-namıs quramalı etikalıq sezim bolıp tabıladı. Ol tiykarınan joqarı dárejeli sportshılarǵa tán bir faktor bolıp, sportshı jeńisti ádalatlı, úlken qıyınshılıq penen qolga kirgizgen waqıttaǵı unamlı sezim retinde kórinetuǵın boladı. Jeńiske erisiw qanshelli qıyın bolsa, erisilgen sport tabısına maqtanısh sezimi sonshelli kúshli boladı. Sportsha ar-namıstı sportshı erisilgen sport nátiyjesine qarap jámiyet tárepinen oǵan berilgen áhmiyetin joqarı baha nátiyjesinde ózinen kúshli qanıǵıw payda etiw sezimi retinde bastan keshiriledi.

Sport básekisi sport gúresi sharayatında payda bolatuǵın ayrıqsha sezim bolıp, ol barlıq jarıslardıń májbúriy psixologiyalıq shárti hám sport gúresiniń zárúrli faktorı esaplanadı. Báseki sezimi sportshınıń tap sol nátiyjege erisiw ushın háreket qılıp atırǵan basqa sportshılardan ústin bolıwǵa umtılıwında payda boladı. Bul sezim tek ǵana joqarı orınlardı iyelewge umtılıp atırǵan sportshılarda kórinip qalmastan, bálki sportshınıń málim bir jarısqa tayarlanıwı yamasa onıń ilimiy tájiriybe dárejesine kóre óz aldına qoyǵan anıq maqset hám wazıypaların belgilep alıwında kórinedi. Sonıń menen birge, bunday sezim óz-ara básekide bolǵan sportshılardıń anıq báseki sezimi keshirmelerinde psixologiyalıq tárepten sáwlelenedi.

Eger jas sportshılarda jarıs dáwirinde bunday sezim júzege kelmese, olar azǵana qıyınshılıqqa dus kelip sport gúresinen ańsat ǵana bas keshedi. Hár qanday sportshıda bul ústinlikke umtılıwǵa faktor bolatuǵın báseki oyanıwı shárt.

Sport báseki seziminiń júzege shıǵıwı sportshınıń umtılıw dárejesiniń ósiwinde hám tabısqa jetiwinde zárúrli rol oynaydı.

Sport básekisi sezimlik keshirmesiniń psixologiyalıq ózgesheligi sportshınıń jeke sapaları hám de sport jarısların ótkeriwdiń obiektiv shárt-sharayatlarına da baylanıslı.

Jeke gúres sıyaqlı sport túri toparlarında sport básekisi qarsılas penen tikkeley jaqınlasıp gúresip, jeńisti saqlap qalıw jaǵdayında júzege shıǵadı (boks, milliy gúres, dzyudo, karate, taekvondo).

Joqarıda sezimge berilgen barlıq táriyipler ulıwma belsendilik retinde ajralıp turadı hám sportshınıń jumıs qábiletin, energiyasın, jeńiske bolǵan erk-ıqrarınıń payda bolıwına faktor hám motiv retinde tásir etedi. Sport gúresiniń dinamikalıq processinde olar ol yamasa bul jedellikte keshedi, bir-biri menen almasadı, bir sezimlik jaǵday ekinshi bir jaǵdayǵa ótedi. Sonday eken, jeńis quwanıshı áwmetsizlikke dus kelgen sportshıda qayǵı yamasa sportqa tiyisli ashıwǵa, sportqa tiyisli qızıǵıwshılıq bolsa sportqa tiyisli qızǵınlıqqa aylanıp ketiwi múmkin.

Eger sportshıda sezimlik biyqararlıq júzege keler eken, ol háddinen kóp tınıshsızlanadı, qızıp ketedi, bul bolsa sportshıda ekileniwge, úmitsizlikke hám isenimsizlikke beyimlikti payda etedi [2:42].

Sportshınıń sezimlik biyqararlıǵına kóbinese jarıslarda áwmetsizlikke ushrawı sebep boladı. Buǵan onıń óz sezimlik jaǵdayına kórsetetuǵın sırtqı unamsız tásirlerdi jeńe almawın tiykarǵı sebep retinde aytıp ótiwimiz múmkin. Bunday jaǵdaydı waqıtında anıqlaw sportshılardaǵı unamsız sezimlik reakciyalardıń aldın alıwǵa járdem beredi.

Sezimlik turaqlılıq sportshıda unamlı psixologiyalıq pazıylet sıpatında sport gúresiniń zárúrli waqtında joqarı dárejege kóteriledi hám málim ózgesheliklerdiń áhmiyetligi hám de sport wazıypasın orınlawdıń turaqlı baǵdarın júzege keltiredi.

Sportshınıń jarısta jaqsı qatnasıwınıń psixologiyalıq shárti sonda, ol óz múmkinshiliklerin tolıq ámelge asırıwı ushın óz kúshine bolǵan isenim sezimi esaplanadı. Isenim sezimi tiykarınan sportshınıń bar kúshin iske salıwı, qarsılas penen bolǵan gúreste qıyınshılıqlardı jeńiwi ushın barlıq múmkinshiliklerin jeńiske baǵdarlay alıw zárúr ekenligin ańlatılıwı bolıp tabıladı [3:200].

Sportshıda óz kúshine bolǵan isenimnıń joq ekenligi qáwip-qáter menen baylanıslı shınıǵıwlardı orınlaw waqtında qáweterdi keltirip shıǵaradı, bul bolsa shınıǵıwdıń nátiyjesine hám sapasına unamsız tásir kórsetedi. Sportshınıń háreketine unamsız tásir kórsetetuǵın sezimlik jaǵdaylarǵa tómendegilerdi kirgiziw múmkin: óz kúshine isenimsizlik, erksizlik, juwapkershilikten hám jaman nátiyje

kórsetiwden qorqıw, kútilmegen jaǵdaylarda ózin joǵaltıp qoyıw, qarsılasınan, qıyınshılıqlardan hám áwmetsizlikten qorqıw.

Sport shınıǵıwların orınlawı hám joqarı nátiyjelerge jetiwi ushın sportshıda óz kúshine bolǵan isenim joqarı bolıwı kerek. Isenim sezimi turaqlılıq, qatańlıq, batırlıq, shıdamlılıq sıyaqlı sapalardıń saldamlı komponenti esaplanadı.

Yu.Yu.Palaymannıń izertlewlerinde keltirilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, ol sportshılardıń isenim hám isenimsizlik jaǵdayların bir qansha kórinislerin anıqlaǵan hám olar sport nátiyjeleri ushın gúresti tabıslı alıp barıw menen baylanıslı ekenligin aytıp ótken [3:80].

Sportshınıń óz kúshine qattı iseniwi ózi tańlaǵan sport túriniń texnikalıq hám taktik kónlikpelerin iyelegenliginen derek beredi, bul bolsa onıń fizikalıq sapaları rawajlanǵanlıǵı sebepli óz múmkinshiliklerin bahalaw hám sınaqtan ótkeriwge ılayıqlıǵın ańlatadı. Óz kúshine hám tabısına isenim tek ǵana óz kúsh hám múmkinshiliklerin biliw, sonıń menen birgelikte, gúreske túsetuǵın qarsılasınıń kúshi hám múmkinshiliklerin biliw, sonıń menen birge, aldaǵı qıyınshılıqlardı da kóre alıw hám olardı saplastırıw múmkinshiliklerine de baylanıslı boladı. Eger sportshınıń isenimi qanday da bir jaǵday hám obiektiv iskerlikke uyqas kelmese yamasa anıq bir jaǵdayǵa tayanbasa, ol haqıyqıy isenim bola almaydı hám ol ózine iseniwdiń unamsız hám de abstrakt jaǵdayına aylanıp qaladı.

Ózine iseniw hesh nársege tiykarlanbaǵan halda óz kúshi hám múmkinshiliklerine artıqsha baha beriw bolıp, ol sport gúresi waqtında qarsılas kúshin durıs bahalay almaw, qıyınshılıqlardı pisent etpew, azǵana itibarsızlıq penen de xarakterlenedi.

Jas sportshılar arasında bolajaq sport jarıslarında ózlerine artıqsha baha berip, qarsılasına itibarsızlıq penen qaraytuǵınlarda ushraydı. Sonday eken, olar ózlerindegi energiyanı sezinedi, biraq ózleriniń kemshiliklerin sezbeydi. Bunıń nátiyjesinde qarsılas penen ushrasqanda dıqqattı joytadı hám aqıbette jeńiliske ushraydı.

K.V.Gradopolov óziniń ilimiy pedagogikalıq jumıslarında sportshıda jeńiske erisiw ushın óz kúshine bolǵan isenimdi tárbiyalawǵa itibar berip, sonday deydi: "Boksshıda isenim trenirovka hám jarıslarda óz sheberligin úzliksiz asırıp barıwı nátiyjesinde payda boladı. Boksshınıń isenimi onı trenirovka hám jarıs processinde óziniń jawıngerlik poziciyasın (jolın) belgilep alıw menen baylanıslı nátiyjege qaratıladı. Boksshıdaǵı jawıngerlik tájiriybe hám onıń jarıslardaǵı tabıslı qatnasıwı gúres processinde ózine isenimdi oyatadı" [5:30].

Sportshınıń jawıngerlik tájiriybesi, óz erkinligin seziwi hám jarıslarda kóp qatnasıwı, sonıń menen birge hár qıylı taktik hám texnikalıq usıllardı jaqsı iyelewi, qıyınshılıqlardı ózi ǵárezsiz jeńe alıw tájiriybesi onıń óz kúshine bolǵan isenimdi júzege shıǵaradı hám onı sol tárizde tárbiyalaydı.

Sport shınıǵıwları negizinde sportshılardı texnikalıq, taktikalıq, teoriyalıq tárepten oqıtıw hám tárbiyalaw procesi jatadı hám buǵan olardıń shıdamlılıq sapalarında tárbiyalaw kiredi.

Kóplegen psixologlar (K.N.Kornilov, P.A.Rudik, V.V.Bogoslavskiy, K.K.Platonov, V.I.Selivanov, A.I.Sherbakov va boshqalar) erkti qábilet sıpatında xarakterleydi.

V.I.Selivanov "erk" túsinigin ayrıqsha bolǵan túsinik retinde bahalap, onı "qábilet" túsinigine rásmiy kórinis tárepinen sáykes keliwin tiykarlawǵa háreket etedi. Bul álbette, erktiń mánisin psixikalıq hádiyse (kórinis) retinde bahalawǵa járdem bermeydi.

Buǵan baylanıslı izertlew alıp barǵan ilimpazlar erkti qábilet retinde ne zatta kórinetuǵınlıǵın anıqlawǵa háreket etken. Eger olardıń buǵan bergen túsindirmelerinen tiykarǵıların keltiretuǵın bolsaq, olar tómendegiler bolıp tabıladı: erk-bul maqsetke erisiw, qarar qabıllaw, maqsetke baǵdarlanǵan háreketlerdi ámelge asırıw hám baqlaw, háreket hám minez-qulıqtı aqıl menen basqarıw, qıyınshılıqlardı jeńiw qábileti bolıp tabıladı.

Jáne basqada ilimpazlar erk túsinigine óz háreketlerin obiektiv zárúrlik retinde jámiyet ushın zárúrli maqset hám jámiyet minnetlemesi talaplarına boysındırıw (K.M.Gurevich), maqsetke erisiw jolında barlıq qıyınshılıqlardı jeńip ótiw (M.N.Maslin) jolındaǵı qural retinde bahalaydı [2:62]. K.N.Kornilov bolsa erkti bir waqıttıń ózinde hám qábilet, hám háreketlerdi maqsetke sáykes túrde basqarıwdıń ilimiy tájriybesi hám tosqınlıqlardı jeńip ótiw quralı dep xarakterleydi.

Sonday eken, dene tárbiyası hám sport penen shuǵıllanıw shaxstıń salamat bolıwın ǵana belgilep bermesten, bálki onıń erk-ıqrarın, ruwxıylıǵın hám ózin ózi rawajlandırıwǵa da túrtki bolıp xızmet etedi.

## Ádebiyatlar


1. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-yil 28-yanvardagi PF-60-son Farmoni.
2. Abdurasulov R.A. O'quvchi shaxsini shakllantirishda sport mashg'ulotlarining o'rni. Monografiya. -Toshkent: "Fan va texnologiya". 2013.
3. Палайма Ю.Ю. Экспериментальное исследование уверенности в своих силах у спортсменов. Сб. Психологические вопросы спортивной тренировки. - М.: ФИС. 1967. –С. 80.
4. Родионов А.В. Влияние психологических факторов на спортивный результат. -М.: ФИС. 1983. –С.112.
5. G'oziev E. Ontogenez psixologiyasi:nazariy-eksperimental tahlil. O'zbekiston MU. -T.: "Noshir". 2010, 360-b.
6. Самойленко А.Н., Фадеева О.Ю., Жамашев Ж.Ж. Спорт - основа формирование личности студента. // Вестник КазНМУ. 2019. №2.



**REZYUME.** Maqolada sport mashg'ulotlarining sportchılar shaxsini shakllantirishdagi roli, sport mashg'ulotlari va jismoniy tarbiya vositasida shaxs ma'naviyatini shakllantirish samaradorligini oshirish borasida yoshlarda qa'tiy hayotiy pozitsiyani rivojlantirish haqida bayon qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль спорта в формировании личности спортсменов сильной жизненной позиции у молодежи для повышения эффективности развития духовной личности посредством занятий спортом и физической культурой.

**SUMMARY.** The article discusses the role of sports in the formation of the personality of athletes, the development of a strong life position in young people to increase the effectiveness of the formation of personal spirituality through sports and physical education.


# МИЛЛИЙ ВА УМУМИНСОНИЙ ҚАДРИЯТЛАРИМИЗ ТАЪЛИМ-ТАРБИЯ АСОСИ СИФАТИДА


**У.У.Сададдинов –** *ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** маънавий-ахлоқий қадриятлар, талабалар, шахс, меъёр, таълим, тарбия.

**Ключевые слова:** духовно-нравственные ценности, студенты, личность, норма, образование, воспитание.

**Key words:** spiritual and moral values, students, personality, norm, education, upbringing.


Жаҳон таълим ва илмий-тадқиқот муассасаларида талабаларда аксиологик ориентацияни шакллантиришнинг педагогик механизмларини такомиллаштириш, бўлажак ўқитувчиларда касбий-педагогик қадриятлар тизимини ривожлантириш технологияларини ишлаб чиқиш, тарихий-антропологик ёндашув асосида талабаларда миллий ғурур ва ифтиҳорни таркиб топтиришнинг педагогик тизимини модернизациялаш бўйича илмий тадқиқотлар олиб борилмоқда. Бўлажак ўқитувчиларда тарихий-маданий меросга аксиологик